WO’ZBEKSTAN RESPUBLIKASI’
XALI’Q BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI’
XALI’Q BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

A’JINIYAZ ATI’NDAG’I’ NO’KIS MA’MLEKETLIK
PEDAGOGIKALI’Q INSTITUTI’

D. ALLANAZAROV, I. JUMANIYAZOV, B. QALMENOV

# QARAQALPAQ MILLIY ALAMOYNAQ DUWTAR SAZENDESHILIGI SABAQLI’G’I’

*Balalar muzi’ka ha’m ko’rkem-wo’ner mektepleri ushi’n*

**1-KLASS**

G’afur G’ulam ati’ndag’i’ baspa-poligrafiyali’q do’retiwshilik u’yi
Tashkent – 2011

UDK78 (075)
85.315.3
A51
BBK 85.315.3 ya 71

Pikir bildiriwshiler:

**T.Qalliev** – No'kis ma'deniyat ha'm ko'rkem-wo'ner kolledji ag'a woqi'ti'wshi'si', Wo'zbekstan xali'q baqsi'si'.

**K.Ti'ni'baev** – No'kis ma'deniyat ha'm ko'rkem-wo'ner kolledji milliy muzi'ka kafedrasi'ni'n' ag'a woqi'ti'wshi'si'.

**M.Tarixov** – No'kis qalasi' №1 Yesjan baqsi' ati'ndag'i' balalar ko'rkem-wo'ner mektebinin' direktori'.

**M.Jaqsi'murato**v – Qaraqalpaqstan Respublikasi'na miyneti sin'gen Xali'q bilimlendiriw xi'zmetkeri.

Muzi'kali'q redaktor:

**Q.Zaretdinov** – QMU muzi'kali'q ta'lim kafedrasi'ni'n' basli'g'i', Wo'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi'na xi'zmet ko'rsetken ko'rkem-wo'ner g'ayratkeri.

Ken'esgo'yler:

**G'.Wo'temurato**v – Qaraqalpaqstan Respublikasi' MTRK jani'ndag'i' «Muxalles» milliy duwtarshi'lar ansamblinin' ko'rkemlik jaqtan basshi'si', Wo'zbekstan xali'q baqsi'si'.

**K.Asqarov** – NMPI muzi'kali'q ta'lim kafedrasi'ni'n' dotsenti, Qaraqalpaqstan Respublikasi'na xi'zmet ko'rsetken ko'rkem-wo'ner g'ayratkeri.

**Q.Allamuratov** – No'kis qalasi' №12 A'met baqsi' ati'ndag'i' balalar ko'rkem-wo'ner mektebinin' milliy muzi'ka bo'limi woqi'ti'wshi'si'.

Ilimiy basshi'li'q yetken:

**F.M.Karomatov** – ko'rkem-wo'nertani'w ilimlerinin' doktori', professor.

**K.Ayi'mbetov** – No'kis ma'deniyat ha'm ko'rkem-wo'ner kolledji ag'a woqi'ti'wshi'si', Qaraqalpaqstang'a miyneti sin'gen ma'deniyat xi'zmetkeri.

ISBN 978-9943-03-390-0

© D.Allanazarov, I.Jumaniyazov, B.Qalmenov.
© G'afur G'ulam ati'ndag'i' baspa-poligrafiyali'q do'retiwshilik u'yi, 2011.

## KIRISIW

Bu'gingi ku'nde wo'zligimizdi an'law ha'm wo'z ta'g'dirimizdi, perzentlerimizdin' keleshegin jarati'w imkaniyati'na iye bolg'an g'a'rezsiz ma'mleketimizdi jan'asha tiklew, woni'n' tariyxi'n, ma'deniy miyraslari'n qa'sterlep, u'yreniw arqali' jas a'wladti' ta'rbiyalaw, kamalg'a keltiriw – yen' basli' wazi'ypalardan yesaplanadi'.

«Kadrlar tayarlawdi'n' milliy da'stu'ri» tiykari'nda qa'nigeler tayarlawda, ka'sip-wo'ner kolledjlerinin' birden-bir bazali'q tiykari' si'pati'nda muzi'ka mekteplerinde ko'nlikpe ha'm ta'jiriybelik bilimlerine joqari' talaplar qoyi'lmaqta. Milliy muzi'kali'q bilimlerdin' tiykari' bolg'an balalar muzi'ka mektebinin' sabaqli'qlari'n jan'alaw bari'si'nda ta'lim standartlari' negizgi tayani'sh xi'zmetin atqaradi'.

Bul wo'z gezeginde, xalqi'mi'zdi'n' milliy muzi'kasi'ni'n' klassikasi'na aylang'an wo'tmishtegi ataqli' baqsi'-sazendelerimizdin' atqari'p kelgen namalari'n toli'q paydalani'w imkaniyati'n berdi. Balalar muzi'ka mekteplerinin' milliy muzi'ka qa'nigeligine arnalg'an bul sabaqli'q, milliy muzi'kag'a, saz-a'sbapqa jan'asha na'zer taslawdi', woni' teren' u'yreniwdi ha'm ju'zege shi'g'ari'wdi' talap yetedi. Muzi'kani'n' usi'nday imkaniyatlari' jas a'wladti' ta'rbiyalawda wo'zine ta'n ta'kirarlanbas ha'm tawsi'lmas bulaq boli'p xi'zmet yete beredi.

«Qaraqalpaq milliy alamoynaq duwtar sa'zendeshiligi» sabaqli'g'i' arqali' i'qlasbent jaslari'mi'z, arnawli' muzi'ka woqi'w worni'nda, ha'weskerler do'gereginde, yamasa jeke, wo'z betinshe milliy «alamoynaq» duwtari'n sawatli' shertip u'yrene aladi'. Demek, yendi qaraqalpaq xalqi'ni'n' alti'n

miyrasi' bolg'an duwtar sazlari' menen jaqi'nnan tani'si'p, ruwxi'y azi'qlani'w arqali' bul bayli'qlardi' son'g'i' a'wladlarg'a jetkerip beriw imkaniyati' jarati'ldi' degen so'z.

Bul sabaqli'qti'n' avtorlar ta'repinen jarati'li'wi'na to'mendegi wazi'ypalar sebepshi' boldi':

**birinshiden,** G'a'rezsiz Respublikami'zdi'n' tariyxi'n, ma'deniy miyraslari'n qa'sterlew;

**yekinshiden,** sol ma'deniy miyraslari'mi'z bolg'an ko'p janrli' milliy muzi'kami'zg'a jan'asha na'zer taslap, jaqi'nnan tani'si'p, teren' u'yreniw ha'm a'meliyatta qollani'p, bu'gingi ku'ndegi jas a'wladti' ruwxi'y azi'qlandi'ri'w arqali' ta'rbiyalap kamalg'a keltiritw;

**u'shinshiden,** Wo'zbekstan Respublikasi' Prezidentinin' 2008-ji'l 7-yanvardag'i' balalar muzi'ka ha'm ko'rkem-wo'ner mekteplerinin' materialli'q-texnikali'q bazasi'n bekkemlew ha'm wolardi'n' jumi'si'n bunnan bi'lay da jaqsi'law boyi'nsha 2009–2014 ji'llarg'a mo'lsherlengen ma'mleketlik bag'darlamani' tayarlaw boyi'nsha ilajlar haqqi'ndag'i' wazi'ypalari'nda atap wo'tilgenindey, «Uli'wma bilim beretug'i'n, ja'ne balalar muzi'ka ha'm ko'rkem-wo'ner mektepleri ushi'n muzi'ka pa'ni boyi'nsha ma'mleketlik woqi'w standartlari' menen bag'darlamalari'n, sabaqli'qlar menen metodikali'q qollanbalardi' zamanago'y wo'lshemler tiykari'nda jetilistiriw na'zerde tuti'lsi'n» – degen biyligine tiykarlani'p islep shi'g'i'lg'an.

Sizlerge usi'ni'p ati'rg'an bul sabaqli'q, woqi'ti'wshi'lar ushi'n qolay bir qansha u'yretiw usi'llari', al jas sazendeler ushi'n birinshi qa'dem, yag'ni'y baslang'i'sh bilimlerden baslap ani'q ha'm qi'sqa mag'li'wmatlar berilgen. Soni'n' menen birge milliy alamoynaq duwtari'na arnalg'an kompozitorlar do'retpeleri ha'm xali'q namalari' berilgen.

## QARAQALPAQ MILLIY ALAMOYNAQ DUWTAR SAZENDESHILIGI PA'NININ' MAQSETI HA'M WAZI'YPALARI'

Pa'ndi woqi'ti'wdan tiykarg'i' maqset: Qaraqalpaq xalqi'ni'n' wo'tmishtegi ko'rkem-wo'nerin, sazendeshilik joli'nda ustazdi'n' sha'kirtke u'yretiw jollari'n, ta'lim-ta'rbiya ni'zamli'li'qlari'n u'yreniw arqali' zaman talabi'na say maslasti'ri'li'p, keleshek a'wlad ta'rbiyasi'nda qollani'w.

«Qoli'na saz uslag'an adam, hesh waqi'tta jamanli'qqa barmaydi'» – deydi dana xalqi'mi'z.

Ulli' babami'z Berdaq shayi'r wo'zinin' «Izler yedi'm» qosi'g'i'nda

«Wo'tken Arastu, Aflatun,
Jarati'p ilimnin' qa'ntin,
Sheshiw ushi'n pikir ba'ntin,
Men mag'rifat izler yedim» – dep keyingi jaslardi' bilim-wo'ner u'yreniwge shaqi'radi'.

Bolajaq muzi'ka woqi'ti'wshi'si', sazendeni zaman talabi'na say woqi'ti'wda qaraqalpaq xalqi'ni'n' bu'gingi ustazlari' sha'kirtlerine wo'z bilimlerin jetkerip beriw ushi'n ha'r qi'yli' pedagogikali'q usi'llari'n izertlep, wolardi' a'melde qollani'wlari' za'ru'r. Mi'sali', pedagogikali'q ko'z-qarastan kelip shi'qqan halda Aqi'mbet baqsi',Aytjan baqsi'lardi'n' sha'kirt tayarlawdag'i' ta'jiriybeleri, baqsi' Genjebay Tilew-muratovti'n' atqari'wshi'li'q sheberlikleri ha'm t.b milliy qa'diriyatlar, jas qa'nigelerden yele de izleniwdi talap yetedi.

Wo'sip kiyati'rg'an jas a'wladqa muzi'kali'q ta'lim-ta'rbiya beriwde ulli' ha'm dana xalqi'mi'zdi'n' wo'mir jollari'nan,

ta'rbiyali'q pikirlerinen paydalani'w, a'sirese qaraqalpaq shan'arag'i'ndag'i' ta'rbiyani', ma'deniyatti', u'rip-a'detlerdi rawajlandi'ri'w – bul muzi'kali'q pedagogikani'n' tiykari' yesaplanadi'. Xali'q pedagogikasi'nan paydalani'w, woni' jaslar qi'zi'g'i'wshi'li'g'i'na sa'ykes texnologiyalasti'ri'wdi' zaman talap yetpekte.

Tariyxqa na'zer taslasaq, Orta Aziyada en' qa'dimgi zamanlarda bilim ha'm ta'rbiya beriwden ku'tilgen maqsetti, woqi'ti'w usi'llari'n, bizge shekem jetip kelgen arxeologiyali'q qazi'lmalar ha'm qol jazbalar tiykari'nda bilemiz.

Prezidentimiz I.A.Karimov wo'z so'zlerinde **«Bizin' wazi'ypami'z yen' a'weli, ruwxi'y bayli'g'i'mi'zdi' ha'm babalari'mi'zdi'n' bay da'stu'rlerin dawam yettiriw»**[1], – dep keltirip, ha'mmemizdi sol sawapli' islerge shaqi'radi'. Bul bilimlerdi qollani'w, wo'sip kiyati'rg'an jas a'wladti' ta'rbiyalawda, ta'lim beriwde ulli' ha'm dana xalqi'mi'zdi'n' turmi's ta'jiriybelerinen, ta'rbiyali'q pikirlerinen paydalani'p, yelimizdin' ha'r bir shan'arag'i'ndag'i' milliylikti saqlag'an halda ta'lim-ta'rbiya islerin ali'p bari'w – bul zaman talabi'. A'sirese, bul ha'r bir woqi'ti'wshi'ni'n', ustazdi'n' a'diwli ka'siplik wazi'ypasi'.

Sabaqli'q arqali' u'yreniwdin' baslang'i'sh da'wirinde, tiykarg'i' sazendeshiliktin' ha'm muzi'kali'q ko'nlikpelerdin' «bekkem ti'rnag'i'» sali'natug'i'nli'g'i'n heshqashan yesimizden shi'g'armawi'mi'z tiyis. Woqi'wshi' duwtardi'n' da'slepki sestinen baslap, wo'zinin' yesitiw qa'biletin qadag'alap bari'wi', barmaqlardi'n' ha'reketlerinin' wo'z-ara baylani'si'na itibar beriwi tiyis. Woqi'ti'wshi', wo'z gezeginde woqi'wshi'ni'n' da'slepki ha'reketlerine, tuwri' woti'ri'wi'na, duwtar

---

[1] «Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi', №5, 10-yanvar 2008.

da'stesinde barmaqlardi'n' jaylasi'wi'na ayri'qsha itibar beriwi tiyis. Sebebi, woqi'wshi'ni'n' birinshi sabag'i', keyingi sabaqlardag'i' qi'yi'nshi'li'qlardi' wo'zlestiriwi ushi'n sheshiwshi sabaq yesaplanadi'.

# I YARI’M JI’LLI’Q

## MILLIY ALAMOYNAQ DUWTARI’NI’N’ WO’ZINE TA’N WO’ZGESHELIKLERI

Milliy muzi’kami’z wo’z aldi’na bir g’a’ziyne. Qaraqalpaq xalqi’na g’ana ta’n bolg’an g’ayri nag’i’sqa bay si’rli’ namalari’mi’z, bizin’ a’psanawiy tariyxi’mi’zdi’, salt da’stu’rin, qayg’i’si’n, quwani’shi’n wo’z bawri’na ali’p ju’kti nar ko’tergen si’yaqli’ adamg’a seziledi. Milliy namalari’mi’z benen xali’qti’n’ ta’g’diri, aji’ralmas yet penen ti’rnaqtay wo’tmishke bir-birine wortaq. Sonli’qtan da bul si’yqi’rli’ namalar a’wladtan-a’wladqa ustaz-sha’kirt sistemasi’ arqali’ usi’ da’wirimizge jetip kelgen. Baqsi’, ji’raw, sazendelerimizge wo’z g’arezsizligimizdi qolg’a kiritkennen son’, wo’zgeshe jan’a da’rbent jol ashi’lg’anday tu’yildi.

Qaraqalpaq xalqi’ni’n’ alamoynaq milliy duwtari’ qon’si’las tuwi’sqan wo’zbek, tu’rkmen, qazaq xali’qlari’ni’n’ «duwtar» ha’m «dombi’ra» dep atalg’an saz a’sbaplari’ menen uqsas ta’repleri, soni’n’ menen birge wo’zine ta’n wo’zgeshelikleri de bar.

Alamoynaq duwtari’ni’n’ milliy wo’zgesheligi sonda:

**birinshiden,** duwtar da’stesindegi perdelerdin’ wo’zgesheligi (mi’sali’, **aydi’n** perde, **shi’rwan** perdeleri);

**yekinshiden,** gu’mbirlep shi’qqan sestinin’, yag’ni’y tembrinin’ wo’zgesheligi;

**u’shinshiden,** alamoynaq duwtari’ni’n’ wo’zine jarasqan kelbeti ha’m bezew nag’i’slari’ndag’i’ wo’zgeshelikler. Mi’sali’: duwtardi’n’ moyni’nda su’yekke sali’ng’an milliy nag’i’slar, **«alamoynaq»** dep atali’wi’na sebep bolg’an;

**to'rtinshiden,** dawi's shanag'i'ni'n', da'stesinin' wo'lshemleri, du'zilisi (formasi') ha'm da'stedegi perdelerdin' wo'lshemlerindegi ayi'rmashi'li'qlari'.

Alamoynaq duwtari'n soqqanda ustalar **tut** ag'ashi'nan paydalang'an ha'm yeki usi'lda sog'i'p kelgen, biri **qazba** duwtar bolsa, yekinshisi **tilme** (qurama) duwtar.

Qazba duwtardi'n' dawi's shanag'i'n bir pu'tin tut ag'ashi'n woyi'p (qazi'p) shi'g'aradi'.

Tilme duwtardi'n' dawi's shanag'i'n tut ag'ashi'n tilip, son'i'nan sol tilmelerdi qurap shi'g'aradi'.

## Duwtardi'n'    du'zilisi



## Muzi'kali'q seslerdin' pa's-ba'lentliligi boyi'nsha nota belgisi arqali' jazi'li'w qag'i'ydalari'

Muzi'ka sesleri jazi'latug'i'n sha'rtli belgilerdi – **NOTA** dep aytami'z. Nota so'zi lati'n tilinen ali'ni'p, **JAZI'W BELGISI** degen ma'nisti an'latadi'. Sol sha'rtli belgiler do'n'gelek (shen'ber ta'rizinde) jazi'ladi'. Mi'sali': «𝅝», bul nota jazi'wi' yeki qa'siyetke iye. Birinshiden, **NOTA** – bul sestin' pa's-ba'lentliligin bildirse, al yekinshiden, sol sestin' sozi'mli'li'g'i'n da bildiredi.

1. Uzaq sozi'li'p turatug'i'n sesler ha'm qi'sqa, tez shertiletug'i'n sesler.

2. Sestin' pa's-ba'lentliligin bildiriw ushi'n **BES SI'ZI'QTAN** ibarat bolg'an **«NOTA JOLI'N»** paydalanami'z.

**NOTA JOLI'**




Si'zi'qlar mi'salda ko'rsetilgenindey to'mennen joqari'g'a qaray belgilenedi.

Notalar, nota joli'ni'n' **«WO'ZINE», «ARASI'NA», «JOQARI'SI'NA»** ha'm **«ASTI'NA»** jazi'ladi'.

**Si'zi'qti'n' wo'zine jazi'lg'an notalar to'men-degishe boladi'.**



1-si'zi'qti'n' wo'zine | 2-si'zi'qti'n' wo'zine | 3-si'zi'qti'n' wo'zine | 4-si'zi'qti'n' wo'zine | 5-si'zi'qti'n' wo'zine

## Si’zi’qti’n’ arasi’na jazi’latug’i’n notalar



1 ha’m 2-shi si’zi’qti’n’ arasi’nda | 2 ha’m 3-shi si’zi’qti’n’ arasi’nda | 3 ha’m 4-shi si’zi’qti’n’ arasi’nda | 4 ha’m 5-shi si’zi’qti’n’ arasi’nda

## Si’zi’qti’n’ asti’nda ha’m joqari’si’nda jazi’latug’i’n nota



1-shi si’zi’qti’n’ asti’nda jazi’lg’an nota | 5-shi si’zi’qti’n’ joqari’si’nda jazi’lg’an nota

Bulardan ti’sqari’ nota joli’na ja’rdemshi bolg’an qosi’msha si’zi’qlar da paydalani’ladi’.

Nota joli’ni’n’ joqari’si’nda ha’m asti’nda jaylasqan qosi’msha si’zi’qlar.




Mi’salda qosi’msha si’zi’qlardi’n’ sanali’w ta’rtibi ko’rsetilgen.

Tiykarg'i' bes si'zi'qqa notalardi'n' jaylasqani'nday, qosi'msha si'zi'qlarda da notalar si'zi'qti'n' **«WO'ZINDE», «JOQARI'SI'NDA»** ha'm **«ASTI'NDA»** jaylasadi'.



## SKRIPKA GILTI

Muzi'ka tarawi'nda pa's, wortasha, ba'lent sesli a'sbaplar paydalani'ladi'. Solardi'n' qatari'nda duwtar wortasha sesli a'sbaplar qatari'na kiredi ha'm wog'an arnalg'an notalar skripka giltinde jazi'ladi'. 𝄞 – **SKRIPKA GILTI** – **«SOL»** gilti dep te ayti'ladi'. Buni'n' sebebi skripka giltinin' shen'-ber ta'rizli aylanbasi', yekinshi si'zi'qti'n' wo'zine jazi'latug'i'n **SOL** notasi'ni'n' jaylasi'w worni'n ko'rsetip turadi'.



Skripka gilti sol notasi'

Mi'salda ko'rip turg'ani'n'i'zday skripka giltinin' shen'ber ta'rizli aylanbasi' yekinshi si'zi'qti'n' wo'zine jazilatug'i'n **SOL** notasi'ni'n' jaylasi'w worni'n ko'rsetip turi'pti'.

## Duwtardi'n' sazlani'w ta'rtibi

Duwtar so'zi parsi' tilinde **«YEKI TARLI'»** – degen ma'nisti an'latadi' ha'm wolar ba'rqulla birge qosi'li'p

shertiledi. Saz shertkenimizde sol yeki tardi'n' ha'r qaysi'si' wo'z wazi'ypasi'n atqari'p, birin biri toli'qti'ri'p baradi'.

Mi'sali': Birinshi **«Lya»** tari'ndag'i' perdeler bastan ayaq barli'q qayi'ri'm-i'rg'aqlari' menen namani'n' qa'ddin ali'p barsa, al yekinshi **«MI»** tari'ndag'i' perdeler sol namani'n' shi'rayi'n shi'g'ari'p, ta'sirshen'ligin ha'm ma'nisin artti'ri'p baradi'.

Duwtardag'i' yeki tardi'n' asti'ng'i' 1-tari' **«Lya»** notasi'na, al 2-shi tari' **«MI»** notasi'na sazlanadi' ha'm muzi'ka tilinde sol sazlang'an notag'a qaray birinshi tar **«Lya»** tari' dep, al yekinshi tar **«MI» tari'** – dep ayti'ladi'. Duwtardi' sazlag'anda da'slep lya tari' sazlani'p son'i'nan mi tari' sazlanadi'.

## «Lya» tari'ndag'i' notalar qatari'




## «Mi» tari'ndag'i' notalar qatari'



## Oktava tu'sinigi

Joqari'dag'i' mi'sallarda ko'rip turg'ani'n'i'zday, seslerdin' atlari' qaytalani'p keledi, buni'n' ma'nisi to'mendegishe:

Mi'sali': yesap-sanaq sanlardi'n' wonli'qlarg'a bo'linip
**1, 2, 3**..... sanlari' birinshi wonli'q,
**11, 12, 13**..... sanlari' yekinshi wonli'qqa
bo'linip ta'kirarlani'p kelgenindey, muzi'kadag'i' yen' iri sesten yen' jin'ishke sesler dizbeginin' arali'g'i' da sol ta'rizde oktavalarg'a bo'linip, ta'kirarlani'p keledi. Oktava arali'g'i' **tiykarg'i' jeti** sesten ibarat boladi'. To'mendegi mi'salda sol **tiykarg'i' jeti** sestin' atlari' ha'm wolardi'n' nota joli'nda jaylasi'w ta'rtibi berilgen.




Bul mi'salda jazi'lg'an 2-shi oktavadag'i' notalar 1-shi oktavadag'i' notalarg'a uqsas seslerdi beredi, biraq wolarg'a qarag'anda **yeki yese sesti ba'lent** boli'p keledi.

Yendi birinshi wonli'qti'n' **5** sani'nan, yekinshi wonli'qti'n' **15** sani'na deyingi, yaki birinshi wonli'qti'n' **8** sani'nan yekinshi wonli'qti'n' **18** sani'na deyingi arali'qlari' tiykarg'i' wonli'qti'n' ko'lemine ten' bolg'ani'nday, muzi'ka sawati'nda da birinshi oktava **«re»** notasi'nan yekinshi oktava **«re»** notasi'na deyingi yaki birinshi oktava **«mi»** notasi'nan yekinshi oktava **«mi»** notalari' arali'g'i' da oktavani'n' arali'q ko'lemin beredi.

# Notalardi'n' duwtar perdelerindegi jaylasi'wi'



## Duwtardi' duri's uslap woti'ri'w ta'rtibi



Su'wrette duwtardi' duri's uslap woti'ri'w ta'rtibi berilgen

Sazende duwtardi' tek a'ytewir yemes, al i'qlas penen ha'm saz shertiwge qolayli' jag'dayda qoli'na ali'p woti'ri'wi' kerek. Bunnan ti'sqari' woni'n' jarasi'qli' kiyingen ko'rinisi de, woti'ri's-turi'si' da u'lken a'hmiyetke iye boladi', sebebi ol wo'zinin' adamgershilik ma'denti'yati' menen de ti'n'lawshi'ni'n' iqlasi'n wo'zine tarti'p biliwi kerek.

Sazende woti'rg'i'shti'n' arqali'g'i'na su'yenbesten, gewdeni tik uslap, won' ayaqti' shep ayaqti'n' u'stine qoyi'p woti'radi'.

Duwtardi'n' dawi's shanag'i' on' ayaqti'n' u'sti'ne qoyi'li'p, won' qol shi'g'anag'i' menen biraz qi'si'li'p turi'ladi'.

Shep qoldi'n' shi'g'anag'i' bu'gilgen boli'p, ha'reket ushi'n qolayli' halda turi'wi' kerek. Shep qol alaqani' duwtar da'stesine tiymey turadi'. Shep qoldi'n' bas barmag'i'nan basqa ha'mme barmaqlar yari'm shen'ber ko'leminde boli'p, da'ste perdelerin basi'w ushi'n qolay jaylasti'ri'ladi'.

## Duwtardi'n' «Lya» tari'na jazi'lg'an notalardi' shertip u'yreniw ushi'n shi'ni'g'i'wlar

**№ 1**



**№ 2**



**№ 3**



**№ 4**



**№ 5**



**№ 6**



**№ 7**



## № 8



## № 9



## № 10



## № 11



## № 12



# Duwtardi'n' «Mi» tari'na jazi'lg'an notalardi' shertip u'yreniw ushi'n shi'ni'g'i'wlar

## № 1



## № 2



## № 3



## № 4



## № 5



## № 6



## № 7



## № 8

## № 9

## № 10

## № 11

## № 12